


ZVINHU IZVO ZVAKANGE ZVISINA KUDARO KUBVA KUMAVAMBO

 ...emazuva aKe, vachidzidzisa zvinhu izvo zvakange zvisina kudaro. Ndinofungidzira kuti dai iYe aizouya nhasi, Aizowana chinhu chimwe chete: zvinhu izvo zvakange zvisina kudaro kubva kumavambo. Kana uchigara uchida kuziva kuti chokwadi ndechipi, dzokera kumavambo. Dzokera kuna Genesi, uye unokwanisa kutora chinamato chega-chega chakatsauka nechechokwadi chega-chega kubvira nhasi. Kungo... Zvirimwa zvese zvinotangira muna Genesi, nekuti Genesi ndicho chitsauko chembeu chemuBhaibheri. Uye kana tichida kuziva izvo zvakarurama, dzokerai kumashure kumavambo.

² Zvakangoita sezvandakanga ndichiedza kutaura husiku hwapfuura, kana Mwari vachinge vataura chirevo, iVo havakwanise kumboita zvakasiyana nechirevo ichocho. Ivo vanofanira kuchichengeta nemunzira yose. Izvo zvaVakataura muna Genesi ndizvo zvimwe chete muna Zvakazarurwa, uye nemunzira yose. Ivo ndiMwari, uye ndizvo zvoga. Maona? Uye Mashoko aVo ose ndechokwadi.

³ Zvino, tinoona kuti Jesu paakauya, Iye akawana vadzidzisi avo vakange vatora Shoko raMwari uye vakange vaRitsveyamisa, kuti zvienderane navo. Ivo vakange vatora mirairo yaMwari ndokuItsveyamisa kuva chitendwa.

⁴ Zvino, rangarirai, kune Musiki mumwe chete, uye zvose... Satani haasi musiki. *Chivi* chii? *Chivi* “kusarurama,” uye *kusarurama* ndiko “kururama kwatsveyamiswa.”

⁵ Zvichida ndichazvijekesa zviri nani. Ivo vari... Imi muri ungano yakasangana. Imi teerera! kuna chiremba wenyu; Ini ndiri hama yenyu. Kuti murume ararame nemudzimai wake ikoko kururama. Iye akamuroora. Chiitiko chimwe chete nemumwe mudzimai rufu. Chimwe chinounza hupenyu, chimwe chacho rufu. Maona? *Kusarurama* ndiko “kururama kwatsveyamiswa.” Chii chinonzi *nhema*? Ichochi “ichokwadi chataurwa zvisizvo.”

⁶ Saka ndizvo zvakanikwa naJesu. Uye izvo isu tese zvatichapinda mazviri, chero bedzi tichibvisa pamwe nekuswedzera, kana kubvisa kubva paShoko raMwari, ikoko kutsveyamisa Shoko raMwari.

⁷ Saka Jesu paakauya, iYe akaona kuti vakanga vatora Shoko raMwari ndokuRitsveyamisa, ndokugadzira tsika dzevanhu. Uye Iye akati, “Sei imi nedzenyu tsi-...muchishandura

Shoko raMwari?” Kuburikidza nekutora tsika dzavo, uye vachishandura Shoko raMwari, vachiRiita kuti ritaure chimwe chinhu icho chaRisina kunyatsotaura.

⁸ Tinoona kuti iYe akawana izvozvo muzuva raKe, uye Anozozviwana pano nhasi. Uye iYe, muHupo, kana kuti, muMunhu weMweya Mutsvene, Mwari mumwe chete uyo akagara aripo, achigara mukati mevanhu vaKe muchimiro cheMweya Mutsvene, anopupura kuburikidza nemumutendi wechokwadi, kuti vanhu vanotsveyamisa Shoko raMwari kuti rienderane nechitendwa chavo, pachinzvimbo chekuti vaite kuti chitendwa chavo chienderane neShoko raMwari.

⁹ Ndinoda kuti mumwe munhu awane Chitendwa chevaApostora muBhaibheri, sekuzvita kwatinozviita nhasi, “Ini ndinotenda muchechi Tsvene yeRoma Katorike, kuyanana kwevasande.” Chero chinhu chipi zvacho chinoyanana nevakafa kunamata midzimu. “Panongova neMurevereri mumwe chete pakati paMwari nevanhu, iye Murume Kristu Jesu.” Ndizvo zvoga. Hakuna mumwe murevereri. Saka chero chinhu chipi zvacho...Ivo vanotsveyamisa zvinhu zvacho, vachigadzira Chitendwa chevaApostora.

¹⁰ Dai muapostora aiva nechitendwa chipi zvacho, chaive Mabasa 2:38. Iye—iye aive...ndizvo zvavairamba vachiparidza nguva dzose uye—uye nekurovedzera muvanhu. Ivo vanofanira kutendeuka kuna Mwari uye nezvimwe zvakadaro. Ndokunge, kana paine chitendwa chipi zvacho muBhaibheri, ndizvo zvachaizova, icho chakashandiswa nevaapostora.

¹¹ Saka ivo...kutungamirirwa kwavo kwese neMweya Mutsvene kwakagara neShoko. Kana munhu upi zvake, kana mutumwa, akazongotaura chinhu chipi zvacho chinopesana neShoko raMwari, VaGaratia 1:8 yakati, “Regai ave akatukwa.” Rinofanira kunge riri Shoko raMwari.

¹² Pauro akati, “Kana mutumwa anobva Kudenga akauya kwauri nerimwewo vhangeri rakasiyana neiro ramakanzwa nechekare, ngaave akatukwa.” Saka tinotenda kuti matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raMwari haringapfuure, nekuti Shoko ndiMwari. Mwari havakwanise kupfuura. Zvisikwa zvichapfuura, asi Mwari havangapfuure.

¹³ Haisi nzvimbo yenyambo, purupiti haisi nzvimbo yenyambo. Ndinofunga kuti Shoko raMwari rinofanira kuparidzwa kubva pano mukuyeresha kwe—kwemwoyo, uye tinofanira kuzvirangarira. Asi kungotaura izvozvo, kuti nditaure pfungwa iyi, mumwe mutema wekare, kuno pane imwe nzvimbo kuMaodzanyemba, imwe nguva akachiita chirevo, akati, “Zvaizova nani kuti iye ange akamira paShoko raMwari pane kumira Kudenga.” Ivo vakamubvunza kuti sei. Iye akati, “Nekuti zvese Denga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raMwari harizopfuuri.” Ndizvozvo. Tinofanira kugara paShoko.

14 Jesu, paAkauya, iYe akati, “Mosesi nekuda kwehukukutu hwemoyo wenyu akakutenderai kurambana nemudzimai wako: asi zvakange zvisina kudaro kubva kumavambo.” Zvino, tinoona kuti vakanga vatora mirairo yaMwari uye vakaiita kuti ishawe basa.

15 Jesu paakauya, akawana vanhu vakatarisa kuchechi kuitira ruponeso. Chii chavakawana? Zvitendwa; sangano rimwe nerimwe rinoumba chitendwa charo pacharo. Uye zvararo ndizvo zvaAkawana vanhu vachivimba nechechi kuitira ruponeso; uye vakawana zvitendwa zvakagadzirwa nevanhu.

16 Uye kana iYe akauya nhasi paUzima uye akataura nesu, Aizowana chinhu chimwe chete: vanhu vachiita kuti Shoko raMwari rienderane nesangano ravo, richivapa zvitendwa. Uye hamuna ruponeso muchitendwa, kana risiri Bhaibheri. Rinofanira kuva Bhaibheri, nekuti Shoko raKe ndiro. . . zvese zvatinoda, iShoko raKe. Uye Shoko raKe, kana iYe ari Shoko, Shoko raMwari ndiMwari. Ndizvo zvoga. IShoko raKe, pachaKe. Iye ndi. . . “Pakutanga kwakange kuine Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari.” Uye Shoko richiri Mwari. Iro richiri Mwari.

17 Zvino, tinoona kuti paAkauya, Iye akawana varume, ipapo, vachitora mirairo yaMwari uye vachiita kuti ishawe basa, nekutora mirairo yaMwari, nekuitisa kuti ienderane nezvitendwa zvavo, saka iyo yakashaiwa basa. Zvino chechi yakatarisa. . . Vanhu vakatarisa kuchechi pachinzvimbo chekutarisa kuShoko raMwari. Saka naizvozvo, Iye akati, “Zvakanga zvisina kudaro kubva kumavambo.”

18 Tinozviwana zvakafanana nhasi, sekutaura kwandaita nechekare kaviri kana katatu mangwanani ano, uye ndichitarisa wachi iyoyo, zvinondiita kuti ndihute-hute, saka ndi—ndinoda kutaura izvi zvakadaro, kuti, “Tchi ichokwadi.” Zvararo muzuva iroro zviri sezvazviri zvino, uye zvino zviri sezvazvaive kareko, ivo vanodanidzira, “Mwari vari kupi?”

19 Saka, chinhu ichocho chacho, chekuti, ivo vakasiya Mwari pavakasiya Shoko raKe. Ndicho chikonzero tine zvinhu nenzira yatinoita nhasi, imhaka yekuti vanhu vakasiya Shoko raMwari.

20 Kana chiremba akanyora magadzirirwo emushonga, tsamba yemushonga, uye iwe wowedzera chimwe chinhu kwairi, kana kuti ukabvisa zvimwe kubva pairi, unozouraya murwere wako. Ndizvozvo chaizvo. Unofanira kuichengeta sekunyorwa kwayakangoitwa. Mune mushonga wakakwana imomo wekudzikamisa chepfu, chepfu yakakwana kuuraya utachiona. Uye chepfu yakawandisa mairi pasina mushonga zvinozouraya murwere; uye—uye mushonga wakawandisa usina chepfu, waizoitai? Iwo hawaizobatsira murwere wako. Saka unofanira kuzvichengeta nemazvo.

²¹ Uye ndiyo nzira iri Shoko raMwari. Iro iTsamba yemushonga yaMwari. Hongu, hama. Iro iTsamba yemushonga yaMwari kuvanhu vaKe kurapa chirwere chose, hosha yese. Chivi nezvepanyama, chero zvipi zvazvinogona kuve, zvose zvinogadziriswa muShoko raMwari. Amen. IShoko raMwari. Rakanga rakadaro kumavambo; Rakanga rakadaro muzera repakati; Rakadaro muzera rega-rega; uye Rakadaro mangwanani ano, zvakangofanana nezvaRaiva paAkaRitaura, nekuti haRikwanise kutsauka nepadiki zvapo, nekuti IShoko raMwari.

²² Zvinoka vanhu nhasi, ndosaka vachidanidzira vachiti: “Mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna chinhu chakadaro chakaita sekupodza kwaMwari.” Sei vachizviita? Nekuti vakatora Shoko raMwari uye vakaita kuti chitendwa chavo chinge chakaputirwa mariri, uye vakasanganisa chinhu chacho zvisiri izvo. Uye ivo havana kana simba imomo. Kana mutumwa, mubhishopi, muachibhishopi, kana kuti chingava chiri ani zvacho, ouya zvino oshandura Shoko rimwe chete, zvinozoshandura Tsamba yemushonga yose. Ngatigarei chaizvo-izvo nezvaYakataura. Izvo Mwari zvavakataura, ngatiZvisiyei zvakadaro saizvozvo.

²³ Machechi aparara nhasi. Varasika vari mune kupengereka kune imwe nzvimbo, vachigadzira mapoka, vachigadzira masanganano, vachiunza vanhu kuzotevera zvitendwa pachinzvimbo chekuti vatevere Kristu. Handidi kana chitendwa asi Kristu, kwete mutemo asi rudo, uye kwete bhuku asi Bhaibheri. Ndizvo chaizvo zvatiinazvo: Ndicho Chitendwa chaMwari, ndiYo Tsamba yemushonga yaMwari. Ndiwo Mushonga waMwari unorapa zvivi. Ndiwo Mushonga waMwari wekupodzwa kwedu, uye ndiRo—ndiRo simba raMwari raratidzwa kwatiri, apo patinotora Shoko muhupenyu hwedu.

²⁴ Zvino, tinoona kuti ivo vanopindura, vodanidzira vachipindura, “Aripiko Mwari waMosesi?” Chikonzero Mosesi akagara naMwari uye zvinhu zvaivepo, Mwari vaitevera tsamba yemushonga yaMosesi, Moses aitevera Shoko raMwari. Nzira iyo Petro, Jakobho, naJohane vainanga chaipo nguva dzose, nekuti ivo—ivo vaitevera Shoko.

²⁵ Pano imwe nguva yapfuura. . . Munhu wese anoziva kuti ndinofarira kunanga nepfuti, nekupfura, nezvimwe zvakadaro. Uye ini ndaive neModel 70 Winchester diki. Ndakamira kunze, uye pamayadhi makumi mashanu, pachinhambwe chekupfura chipfuro, ndakapfura mabara masere nemuburi rimwe chete, pamayadhi makumi mashanu. Uye iyo yakanga yopotsa zvisioma, pakupfura. Unofanira kutamba nayo uye nekuedza kuigadziriswa. Uye ndinofarira kuzviita izvozvo, zvinoita sekudzikamisa tsinga dzangu. Zvino yakanga yopotsa.

Handina kukwanisa kuiita kuti inange. Ndakafunga kuti yaida kugadziriswa pamutanda panogara mupongoro.

26 Ndakaitumira ndichiidzosea kuKambani yeWinchester. Vakaidzosa, uye vakati, “Oo, Hama Branham, kana kuti, VaBranham,” vakati, “kana..iyoyo Winchester ndeimwe yedzakanakisa.” Vakati, “Inoita kuti mbumburu dzinge dzakapararira mudenderedzwa riri inji imwe chete pamayadhi makumi mashanu, pamayadhi makumi maviri nemashanu, ndinoreva kudaro, riri inji pamayadhi makumi maviri nemashanu.” Vakati, “Ndizvo zvakanakisa zvamunozokwanisa kuiita kuti ive.”

27 Ndaiziva zvakasiyana. Ini ndaiziva kuti pamayadhi makumi mashanu ndakapfura zvipfuro zvezvipikiri zvine misoro yakapamhama zvisere nayo. Saka ndaiziva kuti izvozo zvaive zvisizvo. Zvino, ndiyo nzira yacho... Uye handina kukwanisa kuzorera kusvikira ndaidzorera pakare. Zvino, inozoita chinhu chimwe chete.

28 Zvino, ini handisi mumwe wevanhu avo vanofarira kurova nekumwararidza, “Chechi inotaura kudaro, saka ngatingogarei nazvo.” Kana vaapostora, neShoko raMwari, nemirairo yaMwari, neMweya Mutsvene mumwe chete watinawo, vakapfura zvipfuro zvekupodza kwaMwari, zvekumasimba aMwari, kana tikagara nazvo, tinoziva kuti ndizvo ipapo, saka garai kusvikira tanyatsonanga, ndizvo zvoga, nekuti tinoziva kuti zvakambozviita imwe nguva.

29 Ko zvakadii, “mazuva ezvishamiso akapfuura,” uye “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi”? Ko zvingaite sei kuti Mwari iyeye ave akafa uyo akamuka zvekare, uye ari mupenyu nekusingaperi? Ko tingazviite sei kuva chitendwa, apo Mwari vasina chitendwa?

30 Mwari Munhu. Mwari vanogara mukati meChechi yaVo, uye imi muri Chechi yaVo. Kana iwe wakaberekwa patsva, uye wakazadzwa neMweya Mutsvene, uri Chechi yaMwari. Mwari vanogara mune yako... Ivo vanogara munewe. Mwari pavakaburuka, vakaitwa nyama uye vakagara pakati pedu, chii chaVakaita? Ivo—iVo vakawarira tende raVo pakati pevanhu. Ivo—iVo vakayambutsa chimiro chaVo kubva pakuva Mwari vachiva munhu, kuti munhu akwanise kuva saiVo. Oo, iVo vakava ini, kuti kuburikidza nyenasha dzaVo ndikwanise kuva iVo.

31 Oo, chinhu chikuru zvakadini. Hatimbofi takanzwisisa kuti chaive chii. Ndosaka vanhu vachidanidzira nhasi, “Ko Mwari vari kupiko?” Dzokerai kuShoko. Dzokerai kumavambo.

32 Pakutanga iYe akati kuvadzidzi vaKe, “Endai munyika yose, muparidze Evhangeri. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Ndizvo zvazvaive. Dzokerai kuShoko rimwe chete

iroro uye iRo richaburitsa chinhu chimwe chete. Vakatevera Shoko iroro, uye iRo rikanyatsonanga ndokupfura zvipfuro. Chipfuro chega-chega, vimbiso yega-yega iyo yakaitwa naMwari, yakaratidzwa.

³³ Kana tikadzokera kuShoko rimwe chete iroro, Rinozopfura zvipfuro zvimwe chete, roita zvishamiso zvimwe chete, roita zvinhu zvimwe chete, rogadzira hupenyu humwe chete, rogadzira chisikwa chimwe chete, romutsa vakafa, ropodza vanorwara, rodzinga madhimoni, roona zviratidzo, roporofita. Ndiro Vhangeri rimwe chete iro rakapfura chipfuro ipapo, kana tikazodzoka kune rimwe chete.

³⁴ Zvakaita, sekudzorera pfuti muchinhano chimwe chete chayakanga iri pakutanga, kakugwina-gwina kese kabva mairi, iyo inozonyatsonangisa mbumburu zvakananga chaizvo. Uye kana tikabvisa kakugwina-gwina kese kekusatenda kubva matiri, Shoko raMwari rinozonyatsonanga chaizvo sezvarakanga richingova pamavambo epakutanga. Ndizvozvo chaizvo. Iro rinozonyatsonanga nguva dzose. Rakazviita kamwe; Richazviita zvekare. Rega kugutsikana nechitendwa kana chimwe chinhu. Gara ipapo chaipo kusvikira Shoko ranyatsonanga.

³⁵ Zvinondirangaridza nezve nguva apo amai nababa, kana kuti, vamwe baba vairera Ishe wedu Jesu vakanga vaMutora kuenda kumutambo wePentekosti. Uye ivo vakaenda rwendo rwemazuva matatu, uye—uye pekupedzisira vakaMushaiwa. Ivo—ivo havana kukwanisa kuMuwana.

³⁶ Ndicho chinhambwe chafambwa nechechi zvino. Iyo yafamba zvakawedzerwa...iyo yafamba rwendo rwungaite zviuru zviviri zve makore, uye ndokuMushaiwa. Hezvinoi izvi. Pane zviratidzo kwese-kwese zviri kuoneka zveKuuya kwaKe, uye ivo vanoti, “Mwari vari kupi? Mwari vari kupi? Chii chakaitika kwaVari?”

³⁷ Makacherechedza here? Maria naJosefa vakaMutsvaga pakati pehana dzavo, asi havana kuMuwana. Nhasi tinodzokera kunona kuti maMethodisti vakaMuwana here, maBaptisti vakaMuwana here, maPresbyteriani, kana maLutherani. Kwete, changamire, havana kuMuwana. Kana nesuwo hatisi kuzoMuwana nhasi. Hazvina basa kuti tinoedza zvakadini kudzokera uye togadzirisira rimwe remasangano aya ekare, akafa, hatimbofa takazviita.

³⁸ Ndekupi kwavakaMuwana? KwavakaMusiya. Hareruya! Munofunga kuti ndiri muumburuki-mutsvene; ndinofungidzira kuti ndiri. Iwe uchaMuwana sezvavakangoita: uko kwavakaMusiya. Uko kwavakaMusiya, ndiko kwavakaMuwana. Ndiko uko chechi kwaichaMuwana.

³⁹ Ndekupi kwavakaMusiya? Pamutambo wePentekosti. Ko chechi ichamuwana kupi? Kumashure kumutambo

wePentekosti, uko kwavakaMusiya apo pavabuda kubva padzidziso yevaapostora nezvimwe zvakadaro. Kare mune aye mazera epakutanga kare ikoko, vakabuda kubva pairi ndokuumba zvitendwa zvavo pachavo, uye ndokutanga dzidziso yechiNikoraiti, vakaumba chechi yeKatorike, vakaronga chinamoto che—chchainzi chinamoto cheChikristu. Zvino kubva ipapo ivo vakaita sangano, uye vakaputsira pasi zvinhu, vakaunza Makristu ese muzvitendwa, nezvimwe zvakadaro, uye vakazvisanganisa zvose kusvikira zvangova masanganiswa mamwe chete ayo aAkawana paAkauya. Ndizvozvo chaizvo.

⁴⁰ Kudzokera pakutanga apo patakaMusiya, apo paAiva nesimba rakawanda kwazvo, apo paAkamutsa vakafa, uye ndokupodza vanorwara, pamwe nekudzanga madhimoni; ndizvozvo kudzokera kumavambo, uko kwatakaMusiya.

⁴¹ Ivo vanoti, “Ko iYe ari kupi? Ari pamwe nemaMethodisti here? Ari pamwe nemaBaptisti here?” Kana kuti, “Ari pamwe nemaPentekosti here?” Kwete, changamire. Dzokerai kune mava-...kwete sangano rePentekosti, sangano rePentekosti, iroro izita. Ndiani anogona kuita Pentekosti ive sangano? Ndiudzei. Pentekosti haisi sangano. Pentekosti chiiitiko kune mutendi upi zvake anoda kuchigamuchira. Dzokerai kuchiitiko, kwete kudzokera kusangano, asi kudzokera kuchiitiko. Pentekosti chiiitiko.

⁴² Regai ndikuudzei chimwe chinhu. Imi tarisai muchero uyo uri kuberekwa nechechi dzePentekosti nhasi, imi muchaona kuti havana kutanga vachibva kumavambo: kuitirana nharo, kukakavadzana, kutsamwisana, zvakapidiguka, vachidhonzerana *izvi*, uye nekudhonzerana *izvo*. Jesu akati muna Johane 14, kana kuti Johane 15, “Ndiri Muzambiringa, imi muri matavi.” Ndizvozvo here?

⁴³ Zvino, imi varimi, imi vekuTexas, vekuLouisiana, uye chero izvo zvamungave muri pano, chero munhu upi zvake anofunga zvakana, akamboona muzambiringa uchikura, akaziva kuti muzambiringa haubereke michero. Matavi emuzambiringa ndiwo anobereka michero, asi anowana hupenyu hwawo kubva pamuzambiringa. Jesu ndiye chitubu chedu cheHupenyu. Hongu, changamire. Zvino, tichacherechedza, ipapo, kana Jesu ari chitubu cheHupenyu hwedu, zvararo Ndiye Muzambiringa wechokwadi. Hupenyu hwacho chaihwo huri mumuzambiringa ndihwo huri mubazi. Zvino kana muzambiringa iwoyo ukabereka davi rekutanga, uye davi iroro pane chisumbu chemazambiringa anobuda pariri. Kana ukazomboburitsa rimwe davi, rinenge rine chisumbu chemazambiringa. Iwo uchaburitsa rimwe davi, rinozova chisumbu chemazambiringa. Uye iro rinenge riri davi remhando imwe chete kusvikira kumagumo emuzambiringa. O Mwari.

Zvino, ndinoda hafu yangu yeawa; ndave kuchingogadzirira kuchichirova. Amenii.

⁴⁴ Nguva yose muzambiringa iwoyo paunoburitsa davi, rinenge rakaita sedavi rekutanga. Sei? Nekuti hupenyu huri mumuzambiringa huchaunza mhando imwe chete yedavi. Kana muzambiringa wekutanga wakabereka mazambiringa, unotevera haubereki manhanga. Unotevera hauunze muchero wemucitrus. Uye zvadaro, mushure mechinguva, zvichidzika zvakadaro, hauzozviiti.

⁴⁵ Kana Muzambiringa wechokwadi ukaburitsa davi, uye kana... Jesu ndiye Davi pane wekutanga, kana kuti, Muzambiringa. Uye davi rekutanga iro rakabereka, vakanyora Bhuku reMabasa mushure maro. Ndizvozvo here? Chechi yePentekosti, chechi chaiyo yePentekosti, uye yakanyora Bhuku reMabasa, nezviratidzo nezvishamiso zvichitevera mutendi. Kana Muzambiringa iwoyo chaiwo wechokwadi ukaburitsa rimwe davi rechokwadi, vanozonyora bhuku reMabasa kumashure kwaro. Hongu, changamire.

⁴⁶ Muno muArizona kwete nguva refu yadarika, ndakanga ndakatarisa pamuti muchivanze chemumwe murume: muti wemucitrus. Waive nemhando pfumbamwe dzemichero pamuti mumwe chete. Ndizvo zvawaive. Mumwe nemumwe wawo waive muchero wakasiyana. Iwo wakanga uri muti wemaranjisi chekutanga, asi wakanga une matamba; wakanga une—wakanga une maremani; wakanga une magirepifrutu; mhando dzese dzakasiyana dzemichero yemicitrus. Sei? Yakange yakadzimirwa imomo. Airarama kubva pahupenyu hwemuti iwoyo, asi hapana chimwe chaaikwanisa kubereka kunze kwezvaiva. Haaikwanisa kuunza maranjisi, nekuti iwo muzambiringa wakadzimirwa. Asi nguva yose muti iwoyo pawauburitsa davi rechokwadi kubva mauri pachawo, waive muti wemaranjisi, uye waibereka maranjisi.

⁴⁷ Ndizvo zvazviri nhasi. Takadzimirwa muzambiringa weMethodisti, Baptisti, Presbyteriani muMuzambiringa wechokwadi, uye ichirarama kubva pasimba raWo. Asi hapana chimwe chaunogona kubereka kunze kwechitendwa pamwe nesangano. Asi kana Muzambiringa iwoyo ukazomboburitsa rimwe davi, rinenge riri richisanganisira masangano ese, richifambiswa neMweya Mutsvene, zvichingova chaizvo sezvazvaive paZuva re—rePentekosti; kudzokera pakutanga. Amenii.

Zviri nani ndichisiya. Amenii.

⁴⁸ Kana muzambiringa iwoyo ukazomboburitsa rimwe davi, rinozove rakangoita chaizvo sezvaraive pakutanga. Isu tinodzimirwa mhando dzese dzezvitendwa zvechechi mauri: Baptisti, Methodisti, Pentekosti, Presbyteriani, Lutherani, Baptisti; uye rimwe nerimwe rinobereka muchero wechiBaptisti,

muchero wechiMethodisti, muchero wechiPentekosti, nezvimwe zvese. Asi kana uchinge wadzoka, kana Muzambiringa iwoyo ukazomboburitsa rimwe davi rechokwadi, iro rinozobereka chibereko cheMweya Mutsvene. Amen. Iro rinozo . . .

Ivo vanoti, “Zvakanaka, isu tiri maMethodisti.”

“Zvakanga zvisina kudaro kubva pamavambo.”

“Tiri maBaptisti.”

“Zvakanga zvisina kudaro kubva pamavambo.”

“Tiri maPresbyteriani.”

“Zvakanga zvisina kudaro kubva pamavambo.”

“Hatitendi mukutaura nendimi.”

“Zvakanga zvisina kudaro kubva pamavambo.”

“Hatitendi mukupodza kwaMwari muchechi medu.”

“Zvakanga zvisina kudaro kubva pamavambo.” Hareruya! Zvatinoda nhasi chimwe chinhu chekudzokera pamavambo zvakare, kudzokera pamavambo. Hareruya!

Nguva yangu yakwana. Ngatinamatei.

⁴⁹ Ishe Jesu, oo, dai ndararama kuti ndione zuva iro chechi painodzokera pamavambo. Zviitei, Ishe. Zadzai nzvimbo diki ino mangwanani ano. Zodzai mufundisi mudiki uyu pano, Ishe, nevamwe ava. Tipeiwo kubwinya kweNyu. Tipeiwo nyasha dzeNyu. Tipeiwo musangano pano, Ishe.

⁵⁰ Regai tikanganwe pamusoro pezvimwe zvinhu uye todzokera kumavambo, nekuti tinoziva kuti Tenzi wedu anotaura mumwoyo yedu mangwanani ano. Bvisai mizambiringa iyi yakadzimirwa kubva ipapo. Zvipatsanurei pachenyu kubva pane kusatenda. Dzokerai kumavambo. Ndiko kwazvaive zvakadaro. Uye, Ishe, tinoda zvinhu zvese kuti zvinge zvakadaro kubva kumavambo.

⁵¹ Ishe, regai chitiko chedu, kana takambova nacho kusvikira mangwanani ano. . . Kana paine mumwe munhu akagara pano uyo asina kumbobvira akava nechitiko chepamavambo cheMweya, uye nekuwana Mweya mumwe chete uyo wakadururwa pamavambo, ko tingatorerei icho chinotsiva? Ko tingatorerei chimwe chinhu chekupengereka? Ko tingatorerei chitendwa chakapfuurira mweru, chakatonhora, chetsika, chisina hany’a, apo matenga ePentekosti akazara nechinhu chaicho chechokwadi? Ko tingatorerei chinotsiva?

⁵² Ishe, regai tidzokere kumavambo, uye tiugamuchire sezvavakaita pakutanga, uye tova nezvimwe chete mabasa, zviratidzo, zvishamiso zvinobereka zvibereko zvimwe chete: rudo, mufaro, rugare, kutsungirira, runako, hunyoro, kupfava, moyo murefu. Mwari zvipeiwo. Tinzweiwo, Baba, nekuti

tinokumikidza chechi diki ino uye nerumutsiriro rwuno kwaMuri muruoko rweNyu, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

Mwari vakuropafadzei. Ndinovenga zvekunge ndamhanya, asi dzadarika eleven zvino. Ndichakuonai manheru ano. Ndatenda...



ZVINHU IZVO ZVAKANGE ZVISINA
KUDARO KUBVA KUMAVAMBO SHO61-0119M
(Things That Wasn't So From The Beginning)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu China mangwanani, Ndira 19, 1961, paAmerican Legion Hall muBeaumont, Texas, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org